

Swen nan intesten

Li trè enpòtan pou yo gen yon woutin
Pou blese anwo L1 ak L2 , chak de jou
pou blese anba L1 ak L2, chak jou,
Ti rejim senp sa, diminye nan kontinans lan
Toujou eseye tabli yon woutin
Deside lè nan jounen an ki pi pratik pou moun nan
Tann 30 minit apre manje / oswa apre kafe
Deside si se sou kabann nan, oubyen nan twalèt la, ke wap fèl
Stimilasyon dijital
Tann 5 a 10 minit pou yon reyaksyon (pou pou pou a vini)
Kontwòl, si gen pou pou nan anpoul rektal la
Si gen pou pou ,fè yon evakyasyon manyèl
Si gen pou pou ,fè yon irigasyon nan intestin
Bwè anpil dlo, manje fwi, fib, legim. Manje regilyèman
Bwè kafe, si nesèsè pou stimile intestin an .



A Physical Medicine and Rehabilitation Institution
Un établissement de médecine physique et de réadaptation



Stimilasyon dijital

Mete gan nan men w
Librifye dwèt tou ak yon jèl , lwil pwòp, ou vaseline
Stimile anndan trou dèyè a pandan yon minit -fè mouvman sikilè
Tann 5 a 10 minit
Repete pwosedi a , si pa gen okenn reyaksyon

Fè atansyon ak risk twomatik, emowoyid, ak ti blesi

Evakyasyon manyèl:

Mete gan nan men w
Librifye dwèt ak jèl ,sèvi ak lwil pwòp, ou vaseline
Wete pou pou a ,ak yon sèl dwèt

Irigasyon nan kolon:

Foley-gwosè Foley a, varye ant 18 et 22 ch
Sak pou pipi ak dlo- selon tanperati kò moun nan
Librifian
Gan
foure cathète a nan trou dèyè a ,apeprè 15 santimèt
Fixe sak la nan catetè a
Vide 500ml dlo dousman e jantiman nan trou dèyè a
Rete tann rezilta sa ki ka pran 30 minit
Se pi bon pou fè pwosedi sa chita sou twalèt la ,olye w kouche.

Ekipman:

Gan pou kay la
librifian; jèl dezenfektan, vaseline, lwil pwòp
Matla pou pwoteksyon, si w fè operasyon an nan kabann
Daypè / mayo (jetab oswa reyitilizab) nan ka inkontinans